O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI


Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakulteti

4-v kurs studenti

**Elmuratova Baxtıgu`ldin`**


# «Qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniw ha`m tartımlanıw o`zgeshelikleri»

degen temadag`ı

PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

No`kis – 2011

**Jaqlawg`a ruxsat berildi:**

Fakul`tet dekanı: f.i.k. Paxratdinov D.

Kafedra baslıg`ı: f.i.d., prof. Dospanov O.

Ilimiy basshı: f.i.k., dots. Patullaeva G.

Tema: **Qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniw ha`m tartımlanıw o`zgeshelikleri**

Ma`mleketlik imtixan komissiyasının` qararı:

Pitkeriwshi Elmuratova Baxtıgu`ldin` «Qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniw ha`m tartımlanıw o`zgeshelikleri» degen temadag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına «_______» ball qoyılsın.

MAK baslıg`ı:

MAK ag`zaları:

MAZMUNI:

Jumıstın` ulıwma sıpatlaması ………………………… 4
Kirisiw…………………………………………………… 5 - 8

I bap. Qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniw o`zgeshelikleri……………………………………… 9 - 32
1.1. Ataw sepligi………………............................... 9 - 11
1.2. Iyelik sepligi…………………………………… 11 - 16
1.3. Barıs sepligi …………………………………… 16 - 21
1.4. Tabıs sepligi …………………………………… 21 - 25
1.5. Shıg`ıs sepligi………...................................... 25 - 27
1.6. Orın sepligi …………………………………….. 27 - 32

II bap. Atlıqlardın` tartımlanıw o`zgeshelikleri …. …………… 33
2.1. Morfologiyalıq usıl……………………………. 33 - 37
2.2. Morfologiya-sintaksislik usıl……………………37 - 39
2.3. Sintaksislik usıl……………………………..... 39 - 41
2.4. Abstrakt forma…………………………………. 41 - 43

Juwmaq…………………………………………………… 44 - 46
Paydalanılg`an a`debiyatlar………………………………… 47 - 48

# JUMISTIN` ULIWMA SIPATLAMASI

*Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları*

Qaraqalpaq tilindegi almasıqlardın` sepleniw ha`m tartımlanıw o`zgesheliklerin izertlew ha`m usı arqalı onın` basqa so`z shaqaplarınan o`zgesheliklerin ha`m ulıwmalıqların anıqlaw maqset etip qoyıldı. Bul maqsetke erisiw ushın to`mendegidey wazıypalardı sheshiw ortag`a qoyıldı:

- almasıqlarg`a baylanıslı jazılg`an ilimiy a`debiyatlarg`a sholıw jasaw;
- qaraqalpaq a`debiy tilinde qollanılg`an almasıqlardın` quramın anıqlaw;
- qaraqalpaq a`debiy tilinde qollanılg`an almasıqlardın` ma`nilik o`zgesheliklerin u`yreniw;
- almasıqlardın` sepleniwinde, tartımlanıwında payda bolatug`ın fonetikalıq o`zgesheliklerdi anıqlap, olardın` payda bolıw sebeplerin izertlew;
- almasıqlardın` basqa so`z shaqaplarının` jasalıwına tiykar xızmetin atqarıwın anıqlaw;
- izertlew juwmaqları boyınsha usınıslar beriw.

*Jumıstın` qurılısı.*

Jumıs qurılısı jag`ınan jumıstın` ulıwma sıpatlaması, kirisiw, tiykarg`ı eki bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

# KIRISIW

Almasıq predmetti yamasa onın` kelbetin, sının, sanın ha`m t.b. belgilerin tikkeley shaq atamay, olardı siltew arqalı ko`rsetedi. Onın` anıq ma`nisi tek kontekste belgili boladı.

Mısalı: O`tegendi izlese, ol da bir kemeni miniwge qolaylasıp atır eken.

Mısaldag`ı ol almasıg`ının` anıq kim ekenligi O`tegendi atlıg`ı arqalı anıqlanadı.

Almasıqlar ga`pte, ko`binese, atlıq, kelbetlik, sanlıq ha`m ra`wishlerdi almastırıp, solardın` ornına qollanıladı. Bull jag`ınan almasıqlar atawısh so`zlerdin` ornında statistikalıq xızmetlerdi atqara alatug`ın so`zler bolıp esaplanadı.

Almasıq basqa so`z shaqaplarına qarım-qatnasına qaray to`mendegi tu`rlerge bo`linedi:

a) almasıq – atlıqlar: *men, sen, ol, biz, o`zim, o`zin`, o`zi, kim, ne, ha`r kim, a`lle kim, hesh kim* ha`m t.b.

b) almasıq – kelbetlikler: *o`z, bul, ana, mına, usı, sol, qanday, qaysı, ha`r bir, gey bir, barlıq, gu`lla`n, hesh bir* ha`m t.b.

v) almasıq – sanlaqlar: *neshe, qansha, neshinshi, neshew* ha`m t.b.

g) almasıq – ra`wishler: *qashan, qayda* ha`m t.b.

d) almasıq – feyiller: *so`ytiw, o`ytiw, bu`ytiw* ha`m t.b.

Almasıqlar bir-birinen o`zinin` an`latatug`ın ma`nileri arqalı ajıratıladı.

Almasıqlardın` bildiretug`ın ma`nileri ju`da` ken`, sonlıqtan da onın` semantikalıq tu`rleri de ha`r qıylı. Qaraqalpaq tilindegi almasıqlar o`zlerinin` ulıwma ma`nilerine qaray 8 tu`rge bo`linedi:

1) Betlew almasıqları: men, sen, ol, biz, siz, olar.
2) Siltew almasıkları: bull, mine, ol, mınaw, ana, usı, sol, anaw, mınaw.
3) Soraw-qatnas almasıqları: kim, ne, qanday, qaysı.
4) O`zlik almasıqları: o`z
5) Ja`mlew almasıqları: barlıq, gu`lla`n, pu`tkil, ha`mme, ba`rshe, ja`mi.
6) Belgilew almasıqları: ha`r, ha`rbir, ha`rkim, ha`rna`rse.
7) Belgisizlik almasıqları: birew, a`lle kim, a`lle ne, gey bir.
8) Bolımsızlıq almasıqları: hesh, hesh bir, hesh kim, hesh na`rse.

Almasıqlardın` eski so`zlerdin` qatarına kiriwi, olardın` tildin` tariyxıy rawajlanıwı basqıshlarında tu`rli o`zgerislerge ushırawı ha`m basqa so`z shaqaplarının` ornına almasıp jumsalıwı tilshi ilimpazlardın` dıqqatın erteden baslap-aq o`zine tartqan. Sebebi, onı izertlew arqalı tildin` tariyxına, grammatikalıq qurılısına ha`m rawajlanıw bag`darlarına baylanıslı bay mag`lıwmatlar alıwg`a boladı.

1950-jıllardan baslap jeke tu`rkiy tillerindegi almasıqlar ha`r ta`repleme izertlene basladı. A`sirese, siltew almasıqlarına arnalg`an ko`p g`ana ilimiy maqalalar, dissertatsiyalıq jumıslar jazıldı. Ma`selen, N.K.Dmitriev bashqurt tilindegi siltew almasıqların[1],

---

[1] Дмитриев Н.К. Об указательных местоимениях в башкирском язıке. Автореверат дисс. Трудı МИВ, 33, 1947, 70-74-бетлер

F.A.Ashnin tu`rkmen ha`m tu`rk tilindegi siltew almasıqların[2], A.N.Kononov tu`rkha`m o`zbek tillerindegi almasıqlardı[3], A.Ibatov qazaq tilindegi almasıqlardı[4], A.Borjakov tu`rkmen tilindegi almasıqlardı[5], I.Suyarov o`zbek tilindegi almasıqlardı[6] izertledi.

Qaraqalpaq tilindegi almasıqlar en` da`slep N.A.Baskakov en` da`slep N.A.Baskakovtın` miynetinde so`z etilip, onda almasıqlar ma`nisi boyınsha bes toparg`a bo`lip ko`rsetilgen. Olardın` sepleniwindegi ayırmashılıqlar, ga`ptegi atqaratug`ın sintaksislik xızmeti haqqında aytılg`an[7].

Qaraqalpaq tilindegi almasıqlar o`tken a`sirdin` 70-jılları M.Shalekenova ta`repinen arnawlı izertlendi[8]. Onda qaraqalpaq tilindegi almasıqlardın` leksika-semantikalıq toparları, sintaksislik xızmetleri so`z etilgen. Almasıqlardı ma`nisi boyınsha 7 toparg`a bo`lgen, olardın` sepleniwindegi o`zgeshelikler izertlengen.

Qaraqalpaq tilindegi almasıqlarg`a bunnan son` 1974-jılı jarıq ko`rgen morfologiya tarawı boyınsha ja`ma`a`tlik miynette[9], 1981-jılı shıqqan morfologiya boyınsha sabaqlıqta[10] ha`m 1994-jılı jazılg`an ilimiy grammatikada[11] morfologiyalıq sıpatlama beriledi. Olarda

---

[2] Ашнин Ф.Д. Указательнıе местоимения и их производнıе в азербайжанском, турецком и туркменском язıках. Автореферат дисс. к.ф.н. М., 1958.
[3] Кононов А.Н. О прономинализации в турецком язıке. – Вопросı грамматики и истории восточнıх язıков. М.,-Л., 1958, 164-184-бет
[4] Ибатов А. Қазақ тилиндеги есимдиктердиң тарихıнан. Алмаıт, 1986
[5] Боржаков А. Местоимения современном туркменском язıке. Автореферат дисс…к.ф.н. Ашхабад, 1964
[6] Суяров И. Местоимение в современном узбекском литературном язıке. Автореферат дисс… к.ф.н. Самарканд, 1965
[7] Баскаков Н.А. Каракалпакский язıк. II. Фонетика и морфология, часть 1, (части речи и словообразования). М., 1952, 260-305-бет
[8] Шалекенова М. Местоимения в современном каракалпакском язıке. Автореферат… дисс.к.ф.н., Алма-ата, 1970, 30-бет
[9] Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология, 1974, 91-96-бетлер
[10] Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология, 1981, 100-119-бетлер
[11] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Сөз жасалıў ҳәм морфология. 1994, 159-177-бетлер

almasıqlardın` quramı, olardın` basqa so`z shaqaplarınan ayırmashılıqları ko`rsetildi.

Ulıwma qaraqalpaq til bilimindegi almasıqlar so`z etilgen miynetlerde almasıqlardın` ayırım ma`nilik toparları ha`r qıylı terminler menen atalg`anı menen olardın` sanı, ma`nileri ha`m xızmetleri tiykarınan durıs izertlengen.

O`zbek til biliminde B.Yusupov ta`repinen XV-XVI a`sirdegi eski o`zbek tilindegi almasıqlar monografiyalıq planda izertlendi[12]. Onda eski o`zbek tilindegi almasıqlar ha`zirgi o`zbek a`debiy tilindegi ha`m eski tu`rkiy tillerindegi almasıqlarg`a salıstırılıp izertlengen.

Almasıqlar o`tken a`sirdin` 50-70-jıllarında tyurkologiyada til tariyxına baylanıslı jumıslarda ha`m arnawlı miynetlerde izertlendi. Biraq, onnan son`g`ı da`wirlerde almasıqlarg`a tek sabaqlıq ha`m grammatikalarda g`ana morfologiyalıq sıpatlama berildi. Qaraqalpaq til biliminde almasıq arnawlı miynetlerde izertlendi. Biraq, onnan son`g`ı da`wirlerde almasıqlarg`a tek sabaqlıq ha`m grammatikalarda g`ana morfologiyalıq sıpatlama berildi. Qaraqalpaq til biliminde arnawlı izertlengeni menen onın` juwmaqları monografiya yamasa qollanba tu`rinde ja`riyalanbadı.

Bul jumısımızda almasıqlardı tiykarg`ı eki bapqa bo`lip izertledik. Birinshi bapta almasıqlardın` sepleniwi, ekinshi bapta olardın` tartımlanıw o`zgeshelikleri u`yrenildi.

---

[12] Юсупов Б. Местоимения в староузбекском литературном яхıке. Автореферат дисс… к.ф.н. Ташкент, 1988.

# I BAP.

## Qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniw o`zgeshelikleri

Seplik kategoriyası – atlıqlar ha`m atlıqlasqan so`zlerdi, sonın` ishinde almasıqlardı ga`ptegi basqa so`zler menen grammatikalıq baylanısqa tusiriw ushın xızmet atqaradı. Ha`zirgi tu`rkiy tillerindegi sepleniw sha`rtli tu`rde sepleniwdin` og`uz, sepleniwdin` qıpshaq tipii, sepleniwdin` uyg`ır-qıpshaq tipii, sepleniwdin` qarluq tipi bolıp bo`linedi. Qaraqalpaq tili sepleniwdin` qıpshaq tipine kiredi.

Almasıqlar «orınbasar» so`z shaqabı bolıp tabıladı. Olar atlıqlardın` ornına almasıp qollanıladı. Sonlıqtan, seplenedi, tartımlanadı, ko`plik jalg`awınan qabıllaydı ha`m betlenedi. Almasıqlar basqa so`z shaqaplarınan jasalmaydı, biraq jan`a do`rendi so`zlerdin` jasalıwı ushın tiykar xızmetin atqaradı. Bunday jag`daylarda almasıqlardın` qurılısında yamasa olarg`a qosılgan grammatikalıq formalarda bir qatar tillik qubılıslar boladı.

### 1.1. Ataw sepligi

Betlew almasıqları atlıq so`zlerdin` ornına almasıp qollanılg`anlıqtan, seplik jalg`awların qabıllaydı. Klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde betlew almasıqları birlik ha`m ko`plik sanda seplengen.

Betlew almasıqları ataw sepliginde birlik sanda men, sen, ol turinde qollanıladı ha`m tiykarınan is-ha`rekettin` iyesi baslawıshtı an`latadı. Ko`plik sanda biz, bizler, sizler, olar tu`rinde qollanıladı.

Mısallar:

Ol uyqıdan oyanıp atırg`an o`zinin` tuwılg`an awılına, morılardan, qara u`ylerdin` tu`n`liklerinen ko`terilip shıg`ıp atırg`an tu`tin buwdaqlarına da su`ysinip qaraydı (A.B.)

Ol jerlerde men de shalqıp ju`rgenmen,
Qaynap jatqan bulaqların su`ygenmen

(I.Yusupov)

Lermontov qa`leminen tuwılg`an jırdın`,
Ha`r bir qatarında sen sheshek attın`

(I.Yusupov)

Biz o`rnek aldıq,
Ma`n`gi shadlandıq,
Mın`-mın` raxmet aytamız sizge

(N.Da`wqaraev).

Klassik shayırlar tilinde ma`n, sa`n, bizla`r, alar tu`rinde jumsalg`an.

Mısallar:

Ma`n oyladım sol waqıtta

(Ku`nxoja)

Sa`n ag`lasan` qozım ko`n`lim buzılur

(A`jiniyaz)

Ol da arbag`a mingen eken

(Berdaq)

Alar xızmet eter ba`rha` xalıq ushın

(Berdaq)

Almasıqlardın` basqa ma`nilik tu`rleri atlıqlasıp qollanılg`anda ataw sepliginde turadı.

Mısallar:

Ha`r birimiz bul ullı atlanısta o`z ornımızdı belgilewge tırısamız.

Xosh ko`rgenshe! Gu`lge ma`n`gi bezenin`,
Siz de menin` o`z Watanım, o`z elim

(I.Yusupov)

Sol qalag`a dushpan basıp krmekshi boldı. Ba`ri de qayıs belbew buwg`an (A.Bekimbetov)

Awılda hesh kim jumıssız jurgen joq (T.Qayıpbergenov).

Ha`mme ketti sende turar adam joq

(A`jiniyaz)

Berdimurat Berdaq boldı,
Dag`ın hesh kim bilgen emes

(Berdaq)

Ataw sepligi arnawlı jalg`awg`a iye bolmag`anlıqtan ha`zirgi qaraqalpaq tilinde de, klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde de almasıqlardın` bull seplikte sepleniwinde o`zgeshelik ushıraspaydı.

## 1.2. Iyelik sepligi

Iyelik sepligi zattı yaki qubılıstı menshiklew, iyelew , iyelik etiw ma`nisin an`latadı. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde men, sen, betlik almasıqlarına iyelik sepligi jalg`awı jalg`ang`anda tu`birdin` son`ındag`ı «n» sesi tu`sinp qaladı.

Mısallar:

Men senin` shadlıg`ın`, demin`, da`wranın`,
Iske asqan ta`g`dirim, ol menin` anam

(T.Seytjanov)

Senin` aspanın`day tınıq aspan joq,
Awızbirshilikte sennen asqan joq (A`.O`.)

Usı nızamlılıq klassik shayırlar do`retpelerinde saqlang`an.

Mısalı:

Usı *menin`* bolg`an jerim (Berdaq)
Senin` ıshqı otların`a tutashıp (A`jiniyaz)
Onın` ra`wishi ko`rki el menen (Ku`nxoja)

Iyelik sepligi jalg`awı ha`zirgi qaraqalpaq tilinde –nın`//-nin`, -dın`//-din`, -tın`//-tin` variantlarına iye ha`m olar singarmonizm nızamı boyınsha jalg`anadı.

Mısalı:

Ba`rinin` de qollarında mıltıq (A.Bekimbetov)

Bul birlespe diyqanlardın` o`zlerinin` qararı boyınsha tarqatılıp jiberilip, ornına TOZ du`zilgen (I.Yusupov) .

Iyelik seplik jalg`awlarının` tu`rkiy tillerinde kelip shıg`ıwı ha`m olardın` atlıq, almasıq so`zlerge jalg`anıw o`zgesheligi tuwralı ko`p g`ana pikirler aytılg`an. Iyelik seplik jalg`awının` «n» sesi qatnaspag`an variantı ha`zirgi tu`rkiy tillerinin` qubla-batıs toparına xa`m tu`rkmen tilinde saqlang`an. Al n, t, d fawıssızlarınan baslang`an fonetikalıq variantları basqa tu`rkiy tillerinde ushırasadı.

A.M.Sherbak tu`rkiy tillerindegi iyelik seplik jalg`awının` etimologiyası haqqında toqtap, «n» 3-bet tartım jalg`awı affiksinin`

bo`legi ekenin, ol «in» o`zlik-siltew almasıg`ınan kelip shıqkan[13] degen boljaw aytadı.

Al qazaq tilinin` tariyxıy grammatikasın izertlewshi M.Tomanovtın` pikiri boyınsha, Orxon-Enisey jazba esteliklerindeiyelik seplik jalg`awı atlıq so`zlerge –nın` tu`rinde, al almasıqlarg`a –ın` tu`rinde jalg`ang`an. Demek, almasıqlarg`a jalg`anatug`ın –nın` jalg`awının` da`slepki «n» sesi morfologiyalıq ıg`ısıwdın` na`tiyjesi. Bul jalg`awdın` en` eski tu`ri –ın` bolg`an. Menin`, senin` bolıp qollanılıwı eski jazba esteliklerindegi iyelik seplik jalg`awının` izi[14].

Bmz usı pikirdi shınlıqqa bir qansha jaqın dep oylaymız, sebebi qaraqalpaq tilinde biz, siz almasıqlarına iyelik sepliginin` –in` variantı jalg`anadı.

Mısalı: Bizin` adamlar ketip qaldı (A.Bekimbetov).

Klassik shayırlar do`reipelerinde betlew almasıg`ının` birlik san 3-bet ol forması iyelik sepliginde «anın`» bolıp o`zgeredi.

Mısalı:

At tondur sarpayı anın`

(Berdaq)

Kirpigi oq anın`, qashları ka`man

(A`jiniyaz)

Betlew almasıqları ko`plik sanda kelip iyelik sepligi jalg`awın qabıllag`anda ha`zirgi qaraqalpaq tilinde bizin`, sizin`, bizlerdin`, sizlerdin`, olardın` tu`rinde ushırasadı. Klassik shayırlar tilinde de usı

---

13 Щербак А.М. Очерки по сравнительной морфологии. Имя. 34-бет
14 Томанов М. Қазақ тилиниң тарихı гармматикасı. 150-154-бетлер

formada ushırasıp, tek 3-bette olardın`, alarnın` formalarının` qollanılıwı o`zgeshelikti belgileydi.

Mısalı:

Alardın` ha`r ku`ni kesher el bilen

(Ku`nxoja)

Nesip aydap sizin` ellerge kelgen

(A`jiniyaz)

Betlew almasıqları iyelik sepligi jalg`awı siz betlew almasıg`ı ataw sepligi ma`nisinde jumsaladı.

Mısalı:

Sizin` menen bizin` aramızda aspan menen jer shelli parıq bar.

Berdaq do`retpesindi iyelik seplik jalg`awı siz betlew almasıg`ı ataw sepligi ma`nisinde jumsalg`an.

Mısalı:

Sizin` menen bizler bir pay,
Boldıq endi Aydos baba,
Onın` menen ten` qudayım.

Bizlerdin`, sizlerdin` almasıqları siyrek ushırasadı, yag`nıy ko`plik jalg`awsız-aq biz ha`m siz almasıqları ko`plik ma`ni an`latıwı eski tu`rkiy jazba esteliklerine ta`n bolg`an qubılıs.

Bizin`, sizin` bolıp qollanılıwı ha`zirgi tu`rkiy tillerinin` qubla toparına ta`n sepleniw u`lgisi bolıp esaplanadı.

Joqarıda aytıp o`tkenimizdey, betlew almasıg`ı 3-bet ko`plik sanda iyelik sepliginde alarnın` formasında ushırasıwı klassik

shayırlar tilinin` (a`sirese, Berdaq i A`jiniyaz) o`zgesheliklerin belgileydi.

Mısalı:

Alarnın` parqın bilgeysiz

(Berdaq)

Alarnın` aytqanı ba`ri na`siyhat

(A`jiniyaz)

Bul jag`day shayırlar do`retiwshiligine eski o`zbek a`debiy tilinin` ta`siri. Ha`zirgi o`zbek tilinde iyelik sepliginin` tek bir g`ana -ning jalg`awı bar.

Tu`rkiy tillerindegi iyelik sepligi jalgawının` kelip shıg`ıwın tyurkologlar Orxon-Enisey esteliklerinde qollanılg`an –nen`, -nen`e (zat, na`rse, ne) so`zi menen de baylanıstıradı: bunın` > bu nen` > in`[15].

Klassik shayırlar tilinde eski o`zbek tilinin` ta`sirinde -nın`//-nin` variantı almasıqlardın` barlıq ma`nilik tu`rlerine ha`m eski variantlarına da jalg`ang`an.

Mısalı:

Kiminin` arqasın tayaqlar tilgen,
Birazının` qolı otlarg`a ku`ygen

(Ku`nxoja)

Bir neshenin` aqılı bug`an jetpedi

(Berdaq)

Kimsenin` anası, kimnin` a`mmesi

(A`jiniyaz)

---

[15] Баскаков Н.А. Каракалпакский язік. 3 том, 74-бет

Bul, sol afmasıqlarına iyelik seplik jalg`awı jalg`ang`anda «l» sonorı tu`sip qaladı.

Mısalı:

Bunın` shaqasında japıraqları u`sh tu`rli (N.Da`wqaraev)

Bunın` ba`rin ko`zim ko`rgen

(O`tesh)

Bunın` almasıg`ı munın` tu`rinde de qollanıladı. Bul tu`rkiy tillerindegi b>m sa`ykesligine baylanıslı.

Mısalı:

Munın` ba`rin ko`rdi mınaw ko`zlerim

(Berdaq)

## 1.3. Barıs sepligi

Betlew almasıqları barıs sepliginde ha`zirgi qaraqalpaq tilinde birlik sanda mag`an, sag`an, og`an tu`rinde qollanıladı. Demek, *men, sen* jin`ishke buwınlar *ma* ha`m *sa* juwan buwıng`a o`zgerip, *og`an -g`an* qosımtası qosıladı. Ol almasıg`ındag`ı -l sesi tu`sip qaladı. Qaraqalpaq tilinde barıs sepligi jalg`awlarının` ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi formaları bar.

Mısallar:

Ha`r bir alg`an g`a`niymetli dem ushın,
Ma`n`gi minnetdarman sag`an, anajan.

(I.Yusupov)

Onnan keletug`ın sag`an zıyan joq.

(O`.Ayjanov)

Mag`an hesh ga`p eshegim bar.

(Berdaq)

Men sag`an kel dedim de, kelmedin`?

(A`jiniyaz)

Og`an qıyın boldı salıq. (Berdaq)

Barıs sepligi zattın` bag`darlang`an ornın an`latadı ha`m erte da`wirlerden beri qollanılıp kiyatır.

Mısalı:

Ol paylı jumısın hesh kimge isletpeydi. (N.Da`wqaraev)

Tu`rkiy tillerindegi betlew almasıqlarının` -g`an qosımtasının` kelip shıg`ıwı haqqında tyurkologlar ha`r qıylı pikirler bildiredi.

Ha`zirgi o`zbek tilinde birlik sandag`ı betlik almasıqları barıs sepliginde menga, senga, unga formasında, al tu`rkmen tilinde man`a, san`a formalarında ushırasadı.

Man`a, san`a, an`a formaları eski qaraqalpaq tilinde de, klassik shayırlardın` shıg`armalarında fonetikalıq variantları jiyi qollanılg`an. A`sires, A`jiniyaz ha`m Berdaq do`retpelerinde fonetikalıq variantlarının` bull formaları o`nimli qollanılg`an.

Eski o`zbek a`debiy tilinde birlik sandag`ı betlew almasıqları ma`n`a, sa`n`a, an`a tu`rinde, ayırım waqıtları -mang`a//-man`qa, -sang`a//-san`qa, -ang`a//-an`qa tu`rinde ushırasadı. Orxon-Enisey jazba esteliklerinde man`a (ma`n`a), san`a (sa`n`a), an`ar tu`rlerinde qollanılg`an[16].

---

[16] Абдурахманов Ғ., Шукуров Ш. Ўзбек тилининг грамматикаси. 93-94-бетлер

Demek, klassik shayırlardın` shıg`armalarının` tilinde qollanılg`an betlew almasıqlarının` barıs seplikli man`a, san`a, an`a formaları tariyxıy tamırlarına iye, yag`nıy sol da`wirde ken` tarqalg`an Orta Aziya xalıqlarına ortaq eski shag`atay jazba tilinin` ta`siri.

Mısalı:

Shiyrin-sheker men`a so`zlerin qatıp

(A`jiniyaz)

Man`a takallum til berdi.

(Berdaq)

An`a ashıwlang`an menen ne qıldın`.

(O`tesh)

Ziywar aytar san`a keliu shum o`lim.

(A`jiniyaz)

Qoldan kelse an`a da`wran su`rdirmes.

(Berdaq)

Klassik shayırlar tilinde betlew almasıqları ko`plik sanda barıs sepliginde bizge, bizga`, sizge, sizlerge, sizla`rga`, senlerge formalarında ushırasadı. Ha`zirgi qaraqalpaq jazba a`debiy tilinde betlew almasıqları barıs sepliginde zat ya qubılıstın` bag`darlang`an ornın an`latıp, bizge, sizge, bizlerge, sizlerge, olarg`a tu`rinde qollanıladı. Janlı so`ylew tilinde g`ana senlerge forması ushırasadı.

Mısalı: Men senlerge ne dedim

Ko`plik sanda betlew almasıqlarının` barıs seplik jalg`awlarında aytarlıqtay o`zgeshelik sezilmeydi. Tek qısıq dawıslı

-ge, -ler qosımtalarının` ashıq dawıslı –ga`, -la`r formaları bar. Bull fonetikalıq variantları biz XIX-XX a`sirdin` baslarındag`ı qaraqalpaq jazba esteliklerinin` tilinde jiyi ushıratamız. Sonday-aq, eski o`zbek tilinde jazılg`an a`debiy esteliklerdin` tilinde bizga`, biza`, bizla`rga`, sizga`, siza`, sizla`rga` formaları qollanılg`an[17].

Barıs seplik jalg`awı durr predikativ affiksi menen de ushırasadı.

Mısalı:

Sen miywalı daraq, mendur jemisin`

(I.Yusupov)

«Kelgindi» degen at bizgedur jaman

(A`jiniyaz)

Tu`rkiy tillerindegi, sonın` ishinde qaraqalpaq tilinde barıs seplik jalg`awının` eski ha`m ha`zirgi formaları -karu//-g`aru, -kar//-g`ar, -ka//-ga fonetikalıq variantlarına qaray, qarap so`zlerinen payda bolg`an bolıwı mu`mkin. Bunı qaraqalpaq tilindegi ishkeri, tısqarı, son`ıra so`zleri tastıyıqlaydı.

«Barıs sepliginin` -a, -e, a`, -ya jalg`awlarının` qaraqalpaq shayırları shıg`armalarının` tilinde qollanılıwın og`uz tillerinin` (tu`rkmen shayırlarının`) olarg`a tiygizgen ta`siri dep qaraw kerek. Bul formalar, ko`binese A`jiniyaz shıg`armalarında jiyi ushırasadı[18]».

Mısalı:

Erdin biy juwap hesh yere barmaq

---

[17] Абдураҳманов Ғ., Шукуров Ш. Ўзбек тилининг тарихи грамматикаси. 94-бет
[18] Насıров Д., Доспанов О., Бекбергенов А., Сейтов Д. Қарақалпақ классик шайıрларı шығармаларıның тили. 134-бет

(A`jiniyaz)

Kima` aytay arzıw-halım

(A`jiniyaz)

Ziywar aytar san`a keliw shum o`lim

(A`jiniyaz)

Biyler on`a jaramadı

(Berdaq)

Ashıq bolıp yu`rma`n yarnın` o`zina`

(A`jiniyaz)

Almasıqlardın` barıs seplik jalg`awı menen qollanılıwı klassik shayırlar tilinde ha`zirgi a`debiy tilge ko`pshilik jag`dayda sa`ykes keledi.

Mısalı:

Almasıqlardın` barıs seplik jalg`awı menen qollanılıwı klassik shayırlar tilinde ha`zirgi a`debiy tilge ko`pshilik jag`dayda sa`ykes keledi.

Mısalı:

Hesh kimge juwap bereyik

(Ku`nxoja)

Solardıine ra`hbar kerek

(O`tesh)

Arzıw a`ylep keldin` senin` o`zin`e

(A`jiniyaz)

Kimselerge zıyan, kimge paydadur

(Berdaq)

Og`an-bug`an qulaq tu`rip

(Berdaq)

Sog`an megzes bolıp tuwıp Ernazar

(O`tesh)

A`lle nelerge qıylandın`

(Berdaq)

## 1.4. Tabıs sepligi

Tabıs sepligi predmettin` obektin an`latadı ha`m ha`zirgi qaraqalpaq tilinde -dı//-di, -tı//-ti, -nı//-ni, -n jalg`awlarına iye.

Ha`zirgi o`zbek tilinde tabıs sepliginin` tek -ni variantı g`ana bar. Men, sen betlew almasıqlarına tabıs sepligi sol formasında qosıladı: meni, seni.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde de betlew almasıqlarında bull o`zgesheliklerdi ko`riwge boladı.

Mısalı:

- Tu`rgel! – dep kempir apam meni azanda oyattı

(M.K.).

– Seni O`mirbek dep tanıp tur!

(I.Yusupov)

Qaraqalpaq tilinde, sonday-aq basqa da qıpshaq toparına kiretug`ın tillerde tabıs sepliginin` -dı//-di, -tı//-ti jalgawları bolıp, olar tu`bir so`zge singarmonizm nızamına sa`ykes jalg`anadı. Bull variantlardın` payda bolıwı son`g`ı da`wirlerge tuwra keledi ha`m sepleniwdin` qıpshaq tilin quraydı. Bull variantlardın` payda bolıwı

son`g`ı da`wirlerge tuwra keledi ha`m sepleniwdin` qıpshaq tiline kiredi.

Mısalı:

Kimdi aytıp otırsan`, Orazg`aliy? (G.E.)

Tartımlang`an so`zlerge jalg`ang`anda tabıs sepliginin` jalg`awı -n formasına iye boladı.

Mısalı:

Paqırbay ızadan o`zin zorg`a tuttı

(I.Yusupov)

Tabıs sepligi jalg`awının` kelip shıg`ıwın geypara tyurkologlar iyelik seplik jalg`awı menen baylanıstıradı.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde betlew almasıqlarına tabıs seplik jalg`awı –nı//-ni, -dı//di variantlarında jalg`ang`an.

Mısalı:

Seni «Doslıq qalashası» desedi,
«Ha`r kimnin` o`z u`yi, o`len` to`segi» (A`.O`.)

Klassik shayırlar tilinde de usı jag`daydı ko`riwimizge boladı.

Mısalı:

Anaw ku`ni aldap meni,
Ne qılıp em zalım seni

(Berdaq)

Jumsadı bizdi xojayın

(Berdaq)

Bizlerdi zalımlar zarı-giryan etti

(O`tesh)

Ol almasıg`ına tabıs seplik jalg`awı jalg`ang`anda –l sonorı tusip qaladı, o(l) – nı, annı turinde qollanıladı.

Mısalı:

Biz onı o`z qollarımız benen quramız

(A.Bekimbetov)

Onı ko`rip Jiyen o`tti du`n`yadan

(O`tesh)

Su`tten aqdur bilsen` anı

(Berdaq)

Biz, siz almasıqlarına ha`zirgi qaraqalpaq tilinde -di jalg`awı jalg`anatug`ın bolsa, klassik shayırlar tilinde sonordan baslanatug`ın -n variantının` jalg`anıwı ushırasadı. Bul sepleniwdin` og`uz tipii ekeni belgili.

Mısalı:

Haq bizni yarattı isan

(Berdaq)

Yoqdur bizni bar a`ylegen qudayım,
Bizla`rni beldan saqlag`ay dayım

(A`jiniyaz)

Bul jalg`aw tartımlang`an almasıq so`zlerge de jalg`ang`an.

Mısalı:

O`zimdi bezdirip sabır qarardan

(A`jiniyaz)

Solardın` ba`rini ko`rdim

(O`tesh)

\O`zini mola dep sadaqa alar

(A`jiniyaz)

Pa`lektin` ga`rdishi urdı o`zimni

(Ku`nxoja)

Bul forma eski qaraqalpaq tiline ta`n bolg`an: «Dawıssızlardan son` jazba a`debiy til da`stu`rlerine baylanıslı –nı//-ni affiksi jalg`ang`an[19]».

Mısalı:

Bira`wni bira`wga` qudayım yazar

(A`jiniyaz)

Betlaw almasıqlarınan basqa da almasıqlarg`a tabıs sepliginin` jalg`awları singarmonizm nızamına sa`ykes jalg`ang`an.

Mısalı:

Berman elin`, mınanı qara, mınaw bir tu`p alma ag`ashı (N.Da`wqaraev)

Klassik shayırlar tilinde de qaraqalpaq tilindegi betlew almasıqlarına bull seplik penen o`zgeriwinen ko`p parıq etpeydi.

Mısallar:

Ko`rdi bir neshsheni tirimde ko`zim

(Berdaq)

Megzes etin`ler ha`r birin

(O`tesh)

Ba`rcha`nı yaratdı quday

(Berdaq)

[19] Ҳамидов Ҳ. 82-бет

O`zin`di oylasam aqılın` asqan

(O`tesh)

Jegenlerim boldı jelim,
Onı sorasıp kim biler

(Ku`nxoja)

Birinshi shunı bilgeysiz

(Berdaq)

Klassik shayırlar shıgarmalarının` tilinde almasıqlardın` tabıs seplik forması sepleniwdin` og`uz tipine jaqınlıg`ı menen o`zgeshelenedi.

## 1.5. Shıg`ıs sepligi

Shıg`ıs sepligi predmettin` shıg`ıw puktin an`latadı. Ol ha`zirgi qaraqalpaq tilinde –nan//-nen, -dan//-den, -tan//-ten jalg`awlarına iye. Ha`zirgi tu`rkiy tillerinin` ko`pshiliginde bull jalg`awdın` n, d, t dawıssızlarınan baslanatug`ın variantları qollanıladı.

Orxon-Enisey jazba esteliklerinde shıg`ıs seplik jalg`awlarının` siyrek ushırasıwı tyurkologlar bull jalg`awdın` orın seplik jalg`awına -n elementinin` qosılıwı arqalı (da+n) son`ınan payda bolg`an degen pikrge keliwine alıp kelgen.

Shıg`ıs sepligi jalg`awının` Orxon-Enisey esteliklerinde –dan//-den, -tan//-ten variantları ushırasadı.

Betlew almasıqlarına shıg`ıs sepligi jalg`awı singarmonizm nızamına sa`ykes jalg`anadı: mennen, sennen, bizden, sizden,

bizlerden. Ol almasıqlarına jalg`ang`anda -l sonorı -n sonorına o`zgeredi.

Mısalı:

Onnan soramay-aq qoy, ba`ri bir paydasız.
Sorasan` elimdi Qojban bizlerden

(A`jiniyaz)

Sennen qayta ala g`arg`a jaqsıraq

(Berdaq)

Onnan da beter iyilip

(Ku`nxoja)

Almasıq so`zlerge -dan//-den (dawıslıdan ha`m u`nli dawıssızdan keyin), -nan//-nen (ko`binese, sonorg`a pitken so`zlerge) variantları jalg`ang`an.

Mısalı:

Ha`r kimsa`da`n qılman` giyna`

(A`jiniyaz)

Neshshe jıllar bunnan burın

(O`tesh)

Oynap sonnan jaslar shalqıp ju`ralmay

(Ku`nxoja)

Kim emes hesh kimnen sa`ni

(O`tesh)

Qashshaqlıq du`n`yada ha`r neden yaman

(A`jiniyaz)

Eski o`zbek tilinin` tasirinde -nen jalg`awı ornına -den jalg`awı almasıp qollanıladı.

Mısalı:

Ba`rinen de keyin ba`lent, qushtarı zor, adamı shaqqan, g`awırlasıp baratır. (A.Bekimbetov)

Klassik shayırlar shıg`armaları tilinde (A`jiniyaz ha`m Berdaq) almasıqlarının` shıg`ıs seplikte qollanılıwındag`ı o`zgeshelik –dın`//-din` variantının` ushırasıwı bolıp tabıladı. Bul eski o`zbek tilinde bul eski o`zbek tilinde –dın`//-din`, -tın`//-tin` formalarında kollanılg`an[20].

Mısalı:

Ant mendin, jan mendin, gu`wa ha`m mendin,
U`miydim ko`p erur, bay ag`a, sendin
(A`jiniyaz)

Ziywar aytar bizdin` da`wran o`tga`ndi
(A`jiniyaz)

Shın`g`ıs haslı kimdin boldı
(Berdaq)

### 1.6. Orın sepligi

Orın sepligi predmettin` ornın bildiredi. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde bul seplik -da//-de, -ta//-te jalg`awlarına iye, al tartım jalg`awınan keyin -nad//-nde tu`rinde jalg`anadı.

Mısalı:

Bizikinde ju`re bersen`o (N.Da`wqaraev)

[20] Абдураҳманов Ғ., Шукуров Ш. Ўзбек тилининг тарихи грамматикаси. 54-бет

So`ytip aqsaqal bolg`an adam bir jıldın` o`zinde bayıp, mal-du`n`yası ko`beyedi (A.Bekimbetov)

Ha`zirgi tu`rkiy tillerinin` ko`pshiliginde bul jalg`awdın` d, t seslerinen baslanatug`ın fonetikalıq variantları qollanıladı.

Mısalı:

Ana – jer bar bolsa, men onda barman,
Ol menin` ta`g`dirim, ol menin` anam
(T.Seytjanov)

Mende de bar (M.K.)

Tu`rkiy tillerindegi shıg`ıs seplik jalg`awının` payda bolıwında –dan//-den (tiykar bolg`an). Orxon-Enisey jazba esteliklerinde orın sepligi jalg`awı shıg`ıs seplik jalg`awının` ornına da jumsalg`an. Orın ha`m shıg`ıs seplikleri jalg`awının` payda bolıwı ha`m baylanısı haqqında tyurkologlar tu`rlishe boljawlar aytadı. –dan jalg`awı -da jalg`awınan payda bolg`an. –da jalg`awı tur (dur) so`zinen kelip shıqqan bolıwı mu`mkin. Geypara ilimpazlar –da, -dan jalg`awların «ten`» (den`) so`zi menen baylanıstırıdı.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde almasıq so`zler u`nli dawıssızlarg`a yaki sonorlarg`a tamamlang`anlıg`ı ushın olarg`a orın sepliginin` -da//-de variantı g`ana jalg`anadı: mende, sende, onda, bizde, sizde, ha`mmede, hesh kimde, ha`r kimde, kimde, a`lle birewde.

Mısalı:

Ha`tte seni a`lle kimge shıramıtıp turman, balam
(I.Yusupov)

Klassik shayırlar shıg`armaları tilinde orın sepligi jalg`awı usınday formalarda qollanılganın ko`remiz.

Mısalı:

Bizlerde joq qara tiyin

(Berdaq)

Ha`mme ketti sende turar adam joq

(A`jiniyaz)

Kemis barma begler onda

(Berdaq)

«Bul» almasıg`ı orın sepliginde «bunda», «shunda» tu`rinde de ushırasadı ha`m tu`rkiy tillerindegi, eski qaraqalpaq tilindegi m>b sa`ykesligin belgileydi.

Mısalı:

Men munda qalurman mudamı ag`lap

(A`jiniyaz)

Sen ketersen`, halım ne kesher munda

(A`jiniyaz)

Munda otırmaq a`besti

(Berdaq)

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinen o`zgesheligi klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde orın sepliginin` –da` variantı qollanılıwı bolıp tabıladı. Joqarıda aytıp o`tkenimizdey, bul eski o`zbek tiline ha`m eski qaraqalpaq tiline ta`n jalg`aw. Ha`zirgi tu`rkiy tillerinen orın sepligindegi belew almasıqlarının` –da` qosımtası azerbayjan, tatar, bashqurt, uyg`ır tillerinde ushırasadı: bizda`, menda` t.b.

Mısalı:

Aspang`a usharg`a menda` qanat yoq

(A`jiniyaz)

Sır bermedi ha`r na`ma`rda`

(A`jiniyaz).

Ha`zirgi tu`rkiy tillerinde atawısh so`zlerge jalg`anatug`ın seplik jalg`awlarının` kelip shıg`ıwı bir-birine jaqın ha`m olar ma`nili so`zler menen baylanısatug`ının ko`pshilik tyurkologlar tastıyıqlaydı.

N.A.Baskakov iyeik sepliginin` –nın`//-dın`, shıg`ıs sepliginin` -dan//-den, tabıs sepliginin` –nı//-di ha`m orın sepliginin` -da//-de jalg`awlarının` fonetikalıq ha`m semantikalıq belgileri boyınsha uqsaslıq ha`zirgi tu`rkiy tiller sistemasında saqlang`anın atap ko`rsetedi.

Orxon-Enisey jazba esteliklerinen baslap orta a`sirlerdegi tu`rkiy jazba esteliklerinde barıs sepliginin` ma`nisinde shıg`ıs sepligi, shıg`ıs sepliginin` ma`nisinde orın sepligi qollanılatug`ını ko`rinedi. Qaraqalpaq tilinde bul qubılıs dialektlerde ko`rinedi.

Almasıq so`zlerde seplik jalg`awlarının` ma`nisinin` o`zgerip qollanılıwı siyrek ushırasadı.

Mısalı:

Ol ha`m menin` kibi yuz mın` a`rmanlı

(A`jiniyaz)

Menin` o`zim erke bolsam

(Berdaq)

Iyelik sepligi ataw sepligi ma`nisin beredi.

Klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde orın sepligindegi almasıqlardan keyin –dır//-dir predikativlik affiksi jalg`anıwı ushırasadı.

Mısalı:

Ha-da halım ko`rgizip tur, ta`nde janım sendedur,
Hiy-qıyalım kimdedur, ba`lki qıyalın` mendedur

(A`jiniyaz)

Solay etip, ha`zirgi qaraqalpaq tilinde almasıqlardın` sepleniwi ju`da` aytarlıqtay o`zgeshelikke iye emes. Tek g`ana qaraqalpaq klassik shayırları shıg`armalarında qollanılg`an almasıqlardın` sepleniwinde bir qatar o`zgeshelikler bar ekenligin ko`riwimizge boladı. Almasıqlardın` sepleniwinde Orta A`ziyalıq tu`rkiy a`debiy tildin` ta`siri na`tiyjesinde A`jiniyaz ha`m berdaq shıg`armalarının` men, sen, ol almasıkları barıs sepliginde mena`, man`a, an`a formalarına iye bolg`an. Almasıqlardın` tabıs sepligi jalg`awı menen tu`rleniwinde sepleniwinde og`uz tipi ushırasadı: bizni, o`zimni, ba`rini, o`zini ha`m t.b. Bul klassik shayırlar jasag`an da`wirdegi a`debiy til da`stu`rlerine baylanıslı kelip shıg`adı. Shıg`ıs sepligi jalg`awının` variantlarının` almasıqlarg`a jalg`anıwında da ha`zirgi a`debiy norma boyınsha -nan//-nen jalg`awının` ornına –dan//-den jalg`awı qollanılg`an: o`z - o`zinen, o`z - o`ziden, bunnan - bundan ha`m t.b. Sonday-aq bul sepliktin` -dın`//-din` variantının` almasıqlarg`a jalg`ang`anlıg`ı ushırasadı: mendin (mennen), sendin (sennen), bizdin (bizden) ha`m t.b. Sonday-aq, klassik shayırlar shıg`armalarında almasıqlarg`a orın sepliginin` da` variantının` jalg`anıwı da morfologiyalıq o`zgesheliklerdin` biri sıpatında

ko`rinedi. Biraq, da` variantının` qollanıwı tek A`jiniyaz shayırdın` jan`adan tabılg`an qoljazbalarında g`ana ushırasadı. Sonın` menen birge, orın sepligindegi almasıqlarga -dır//-dir predikativlik affiksinin` jalg`anıwı da tiykarg`ı o`zgesheliklerdin` biri bolıp tabıladı: sendedur, kimdedur, mendedur ha`m t.b.

# II BAP.
# ALMASIQLARDIN` TARTIMLANIWDAG`I O`ZGEShELIKLER

Tartım jalg`awı zattın` menshikleniwin, kimge tiyisliligin bildiredi. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde tartım jalg`awları u`sh bette, birlik ha`m ko`plik sanda qollanıladı. Atlıqlardın` tartımlanıwı almasıqlar menen tıg`ız baylanıslı.

Ha`zirgi tu`rkiy tillerinde tartım jalg`awları u`sh bette, birlik ha`m ko`plik sanda fonetikalıq variantları menen qollanıladı ha`m tartımlıq ma`ni bir neshe usıllar menen bildireledi. Klassik shayırlar shıg`armaları tilinde tartımlıq ma`ni to`mendegidey usıllar arqalı an`latıladı.

## 2.1. Morfologiyalıq usıl

Bul usılda zattın` tartımlanıwı, yag`nıy neshinshi betke tiyisli ekeni affiksler ja`rdeminde an`latıladı. Tu`rkiy tillerindegi tartım jalg`awlarının` kelip shıg`ıwı almasıqlarga baylanıslı. I ha`m II bet birlik ha`m ko`plik san tartım jalg`awları betlew almasıqları menen baylanısadı.

Almasıq so`zler, ko`binese atlıqlasqanda tartım jalg`awların qabıl etedi. Sonın` menen birge, tartım kategoriyasında betlew almasıqları tikkeley qatnasadı.

Tartım jalg`awlarının` en` da`slep ma`nili so`zler, yag`nıy almasıq so`zler bolg`anlıg`ı ma`lim ha`m olar jalg`awg`a aylanıwında bir neshe basqıshlardan o`tken.

Tu`rkiy tillerinin`, ulıwma altay tillerinin` tariyxın izertlewshiler erte da`wirde pa`t tu`sken buwınnan keyin aytılg`an betlew almasıqlarının` barabar o`zinen burın turg`an tiykarg`ı logikalıq pa`t tu`sken so`zdi izertlewde talqılag`an.

Demek, ha`zirgi tu`rkiy tillerindegi tartım jalg`awlarının` kelip shıg`ıwı betlew almasıqları menen tıg`ız baylanıslı bolıp keledi.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilin tartımlang`an o`zlik almasıg`ı jiyi qollanıladı. O`zlik almasıg`ı birlik sanda tartımlanıp qollanılıwı jiyi ushırasadı.

Mısalı:

Meyli aqsha jag`ın menin` o`zim sorastırıp ko`remen (A.Bekimbetov)

Ministrdin` o`zi de menin` bul isimdi maqulladı (G.I.)

Rehim a`ylep o`zime

(Berdaq)

O`zin` jetkergeysen` frısqalımdı

(Ku`nxoja)

Ko`p etsen` o`zin` gu`nanı

(Berdaq)

Oylan, Berdimurat, aytqıl so`zin`di,
Ko`termey lap etip qurı o`zin`di

(Berdaq)

Oylansam so`zler keler izme-iz o`zi

(Berdaq)

Tartımlang`an o`zlik almasıg`ı juplasıp ta qollanıladı ha`m ko`binese ra`wishlik ma`ni bildiredi.

Mısalı:

Ol da`rhal o`z-o`zinen sharshag`anday bolıp, g`ırra izine qayttı (O`.Ayjanov)

Mın` ta`shwishtin` da`rbentinde o`z-o`zimdi joytarman
Ne qılarsan` o`z-o`zin`e

(Berdaq)

O`z-o`zin` ettin` ku`lki

(O`tesh)

Almasıqlardın` ma`nilik tu`rlerinin` ba`ri tartımlanıp qollanıladı.

Mısalı:

Sizin` bunın`ız ne? (O`.Ayjanov)

Ha`r qaysısının` qolında bir qushaq aq qag`az (O`.Ayjanov)

Gey birewleri shertektin` astına kelip shayların iship atır (N.Da`wqaraev)

Ha`mmemiz ha`m ju`rdik ko`lde

(O`tesh)

Ayarlıq nem qaldı menin`

(Berdaq)

Ziywar aytar qaysı birin aytayın

(A`jiniyaz)

Kızlar qaraydı son`ına

(Ku`nxoja)

Bolmadı hesh kimde juwıq

(Berdaq)

Qosılısqannan son` ha`mmesi

(Berdaq)

Qaysı birin`nin` shaman` keldi?

(Berdaq)

«Kim» soraw almasıg`ı belgisizlik ma`nide tartımlanıwı ha`zirgi da`wirde janlı so`ylew tilinde o`nimli qollanıladı.

Mısalı:

Sonlıqtan qalay bolmasın bala-shag`anı asırawdın` g`amına kirisip, kimi balıq awlap, kimi sholan salıp otı menen kirip, ku`li menen shıg`ıp, ne de bolsa keshte jutqanday bir tislem nan tabıwdın` g`amın ko`retug`ın edi (A.Bekimbetov)

Kimnin` arqasın tayaqlar tilgen,
Qaldı kimi jer qushaqladı

(Berdaq)

Klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde almasıq so`zlerdin` tartımlanıwındag`ı o`zgeshelik 3 bette ko`rinedi.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde 3-bet tartım jalg`awının` –sı//-si variantı dawıslıg`a pitken tiykarga, al dawıssızlarg`a pitken tiykarg`a -ı, -i variantları jalg`anıwı ma`lim.

Klassik shayırlar shıg`armalarının` tilinde ayırım almasıq so`zler 3-bette tartımlang`anda –si affiksinin` qollanılıw o`zgesheligi bar.

Mısalı:

Digirman tartıw, suw a`keliw, ku`l shıg`arıw, kir juwıw – ha`mmesi Aysa`nemnin` belgili xızmetkerleri boldı (N.Da`wqaraev)

Ba`risi ja`m bolg`an eken

(Berdaq)

Yadın`nan tu`sip ba`risi

(O`tesh)

Kimisi shıg`ıp aldına

(Berdaq)

So`zdin` o`zi ha`r birisi

(Berdaq)

Qara jer ba`rshesin ywttı

(A`jiniyaz)

Berdaqtın` ayırım shıg`armalarında ha`mme almasıg`ına ko`plik jalg`awdan keyin tartım jalg`awı jalg`ang`an.

Mısalı: Ha`mmeleri qosıp ku`shin.

## 2.2. Morfologiya-sintaksislik usıl

Bul usılda tartımlanıwshı atlıq tartım jalg`awın, al onın` iyesi (sub`ekt) iyelik sepligi jalg`awın qabıllaydı. Bul usıl, ko`binese, atlıq so`zlerge ta`n bolıp, almasıq so`zlerde siyrek qollanıladı. Sebebi, bul usılda birinshi komponent bolıp betlew almasıqları qatnasadı. Sonlıqtan da, klassik shayırlar tilinde atlıqlar morfologiya-sintaksislik usılda tartımlang`anda betlew almasıqları

jiyi qollanılıwı mu`mkin. Biraq almasıqlar bul usılda siyrek tartımlanadı.

Mısalı:

Meyli, aqsha jag`ın menin` o`zim sorastırıp ko`reyin (A.bekimbetov)

Men haslı adamman, jer menin` anam,
Ol menin` o`mirim, ol menin` janım

(T.Seytjanov)

Menin` kewlim haqdur, bilsen`

(Berdaq)

Sizin` awıl qayda bolır?

(Berdaq)

Ozlik almasıg`ı morfologiyalıq-sintaksislik usılda tartımlanıwı klassik shayırlar shıg`armalarında jiyi ushırasadı.

Mısalı:

Ol o`zin`e senin` a`welden ayan

(Ku`nxoja)

Oylap shayır senin` o`zin` kim edin`

(Ku`nxoja)

Berdimurat menin` o`zim

(Berdaq)

Arzıw a`ylep keldim senin` o`zin`e

(A`jiniyaz)

Bayan etken menin` o`zim

(O`tesh)

Iyelik seplik jalg`awı jasırın formada qollanılıu`ı mu`mkin.

Mısalı:

Apamnın` bir jaqqa ketetug`ının mag`an hesh kim aytpasa da, men o`zim sezip turg`anday bir tu`rli boldım (M.K.)

Biz o`zimiz awıldan shıqqanbız (A.Bekimbetov)

Dos sem`ya aqılgo`yi sen o`zin`,
Ullı bayram toy ku`ninde tamadamız sen o`zin`
(I.Yusupov)

Men o`zim o`len` baslap aytalmayman
(A`jiniyaz).

Iyelik seplik jalg`awı jasırın formada qollanılıwı mwmkin.

Mısalı:

Apamnın` bir jaqka ketetug`ının mag`an hesh kim aytpasa da, men o`zim sezip turg`anday bir tu`rli boldım (M.K.)

Biz o`zimiz awıldan shıqqanbız (A.Bekimbetov)

Men o`zim bardım sal minip
(Berdaq)

Qon`ırat balan`dı alsa ol ha`m o`z birin`
(A`jiniyaz)

Betlew almasıg`ının` ornında siltew almasıqları anıqlawıshlıq xızmet atqaradı.

Mısalı:

Senin` mına so`zin` jaramaydı
(O`.Ayjanov)

Solardın` ba`rini ko`rdim (O`tesh)

Bunın` ba`rin ko`zim ko`rgen

(O`tesh)

Bulardın` ba`rshesi elimde bardı

(A`jiniyaz)

## 2.3. Sintaksislik usıl

Bul usılda tartımlıq ma`ni an`latılg`anda predmettin` iyesi 1 ha`m 2-bet iyelik sepligindegi betlew almasıqlarınan boladı. Al tartımlanıwshı atawıshlar tiyisli jalg`awdı qabıllamaydı.

Mısalı:

Bizin` ka`sip du`n`yadag`ı barlıq ka`siplerden de ag`la (A.Bekimbetov)

Sizin` bala kelesheginen u`mit ku`ttiredi (A.A`.)

Aqırı bir bizin` talap keliser

(Ku`nxoja)

Hag`lap tartar bizin` o`giz

(O`tesh)

Bul usıldın` qollanılıwı ha`zirgi qaraqalpaq tilinde de, klassik shayırlar do`retpelerinde de atawısh so`zlerdin` tartımlanıwında da sintaksislik usıl menen komponenti de almasıq bolıp keliwi siyrek qubılıs.

Mısalı:

Sebep penen bu`gin bizin`,

So`z qılatug`ın neme ekensen`

(O`tesh)

Usılardın` ba`ri oysızdan bolar

(O`tesh)

Sonın` ba`rin ko`rdi mınaw ko`zlerim

(Berdaq)

## 2.4. Abstrakt forma

Tartım kategoriyasının` abstrakt forması ha`zirgi tu`rkiy tillerinde -nıki//-niki, -dıqi//-diki, -tıkı//-tiki affiksleri ja`rdeminde jasaladı. Bul affikstin` -niki forması iyelik sepliginin` jalg`awına kelbetlik jasawshı –qı//-ki, -g`ı-gi affiksi qosılıp jasalg`an: -niki > -nin`ki. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde -niki formasına aylang`an.

Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde abstrakt forma betlew, o`zlik almasıqlarına jiyi jalg`ang`an.

Mısalı:

Seniki durıs, Periza (O`.Ayjanov)

Sheshe, pochtal`on sizikine de qayrılıp edi g`oy (O`.Ayjanov)

Bizikinde ju`re bersen`o (N.Da`wqaraev)

Bizikine kim kelse, u`y sonıkı,
Qayda barsam o`z u`yim, o`z bosag`am (M.L.)

Seniki qurı lap eken (Berdaq)

O`ziniki o`zine jo`n (O`tesh)

O`zimdiki bolsa deyik (O`tesh)

Emese seniki jo`n be? (Berdaq)

Ayırım waqıtlarda almasıqtın` basqa tu`rlerine de abstrakt forma jalg`anadı.

Mısalı:

Qolın`dag`ı islep kelgen zatlarının` ba`riniki birdey eken (A.Bekimbetov)

Birinin` gu`li solsa, biriniki solmas

(Berdaq)

Ayırım waqıtlarda almasıqtın` basqa turlerine de abstrakt forma jalg`anadı.

Mısalı:

Qolın`dag`ı islep kelgen zatlarının` ba`riniki birdey eken (A.Bekimbetov)

Birinin` gu`li solsa, biriniki solmas

(Berdaq)

Solay etip, ha`zirgi qaraqalpaq tilinde ha`m qaraqalpaq klassik shayırlarının` shıg`armalarında almasıqlardın` tartımlanıwı u`sh usıl arqalı a`melge asqan. Birinshiden, morfologiyalıq usıl arqalı. Bunda tartımlıq ma`ni affiksler ja`rdeminde an`latıladı. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde ha`m klassik shayırlar shıg`armalarında almasıqlardın` tartım jalg`aqabıllawı ha`zirgi qaraqalpaq tilinen ko`p parıq etpeydi. A`sirese, o`zlik almasıg`ının` birlik sanda tartımlanıp qollanılıwı o`nimli ushırasadı. Almasıq so`lerdin` tartımlanıwındag`ı u`sh bette ko`rinedi. Eger ha`zirgi qaraqalpaq tilinde 3 bet tartım jalg`awının` -sı//-si variantı dawıslılırg`a pitken tiykarg`ı, al –ı, -i variantı dawıssızlarg`a pitken tiykarg`a jalg`ansa, klassik shayırlardın` shıg`armalarında 3 bette tartımlanıp turg`an almasıq so`zlerge ja`ne de –sı//-si jalg`awının` qosılıwı ko`rinedi: ba`risi, kimisi, ha`r birisi ha`m t.b. Ekinshiden,

almasıqlar arqalı tartımlıq ma`ni morfologiya-sintaksislik usıl arqalı an`latılg`an. Biraq, ol o`nimli emes. Mısalı: menin` o`zim, senin` o`zin`, o`z o`zin` ha`m t.b. U`shinshiden, almasıqlar arqalı tartımlıq ma`ni sintaksislik usıl ja`rdeminde bildirilgen. Bunda predmettin` iyesi 1 bet ha`m 2-bet iyelik sepligindegi betlew almasıg`ı, al tartımlanıwshı atawıshlar jalg`awsız qollanıladı: bizin` o`giz, sizin` el, bizin` talap ha`m t.b. Sonday-aq, eki komponent te almasıqtan bolıwı ushırasadı: usılardın` ba`ri, sonın` ba`rin ha`m t.b.

Qaraqalpaq tilinde tartımlıq ma`ni abstrakt formalar arqalı da an`latıladı. Bul formanın` ha`zirgi qaraqalpaq tilinde ha`m klassik shayırlar shıg`armalarında betlew ha`m o`zlik almasıqlarının` abstrakt formalar arqalı tartımlıq ma`ni an`latıw qubılısının` o`nimli qollanılg`anın ko`remiz: seniki, o`ziniki, biriniki ha`m t.b.

Ulıwma alg`anda, ha`zirgi qaraqalpaq tilinde ha`m klassik shayırlar shıg`armalarında almasıqlardın` qollanılıwında morfologiyalıq o`zgeshelikler ha`zirgi qaraqalpaq tilindegi almasıqlardın` morfologiyasınan pu`tkilley parıq etpeydi. Tek shayırlar o`mir su`rgen da`wirdegi jazba a`debiy tildin` ta`siri na`tiyjesinde almasıqlardın` sepleniwinde, tartımlanıwında, betleniwinde ayırım morfologiyalıq o`zgeshelikler ushırasadı.

# JUWMAQ

Alamsıqlar ha`r bir tildin` so`zlik quramında belgili orındı tutadı. Olar ma`nili so`zlerdin` ornına almasıp keledi ha`m qaysı so`z shaqabının` ornına qollanılsa, sonın` grammatikalıq kategoriyaların qabıllaydı, ga`ptegi xızmetin atqaradı.

Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinde almasıqlar leksika-grammatikalıq o`zgesheliklerine qaray 8 toparg`a bo`linedi.

Almasıqlar atlıqlardın` ornında jiyi qollanıladı. Sonlıqtan da olar seplik jalg`awlı tu`rinde ko`p ushırasadı.

Ataw sepligi klassik shayırlar tilinde nol` formag`a iye. Ataw sepligindegi almasıqlar ga`pte baslawısh bolıp keledi.

Iyelik seplik jalg`awı tu`rkiy tillerinde ju`da` erteden baslap qollanılg`an. Ilimpazlardın` pikirinshe, Orxon-Enisey jazba esetliklerinde iyelik sepligi jalg`awı atlıq so`zlerge -nın` tu`rinde, al almasıqlarg`a -ın` tu`rinde jalg`ang`an. Demek, bul jalg`awdın` en` eski tu`ri-ın` bolg`an. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde biz, siz betlew almasıg`ının` 3-bet ko`plik tu`rine –nın` jalg`awı jalg`ang`anda ko`rinedi.

Barıs sepligi jalg`awı almasıqlarg`a jalg`ang`andag`ı o`zgeshelikke betlew almasıqlarının` tu`birindegi ayırmashılıqtı ko`rsetsek boladı: men, sen, ol – mag`an, sag`an, og`an. Klassik shayırlar tilinde o`zgesheligi sonnan ibarat, eski shag`atay jazba a`debiy tilinin` ha`m og`uz tilinin` ta`sirinde barıs sepliginin` -a, -e, -a`, -ya jalg`awlarının` qollanılıwı bolıp tabıladı.

Tabıs sepligi jalg`awı da tu`rkiy tillerinde erteden qollanılıp kiyatır. Tyurkolog-ilimpazlar bul seplik jalg`awdın` kelip shıg`ıwın eski iyelik sepligi menen baylanıstıradı. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde ha`m klassik shayırlar tilinde tabıs sepligi jalg`awı almasıqlarg`a singarmonizm nızamına sa`ykes jalg`ang`an. Ayırım klassikler tilinde eski o`zbek jazba a`debiy tilinin` ta`sirinde dawıssız seslerden keyin -ni variantı jalg`ang`an. Bul sepleniwdin` og`uz tipine jaqınlıg`ın ko`rsetedi.

Shıg`ıs sepligi jalg`awının` almasıq so`zlerge jalg`anıwındag`ı o`zgeshelik -nan//-nen variantı jalg`anantug`ın orıng`a -dan//-den variantı jalg`anıwında ko`rinedi: bizden, sizden.

Tu`rkiy tillerinde shıg`ıs sepligi jalg`awının` payda bolıwına orın sepligi jalg`awı tiykar bolg`an. Geypara ilimpazlar bul jalg`awlardın` kelip shıg`ıwının` «ten`» (den`) so`zi menen baylanıstıradı. Ha`zirgi qaraqalpaq tilinde sonnan, bunda, bunnan tu`rinde qollanıladı. Klassik shayırlar tilinde shunnan, munda, mundın tu`rinde qollanıwg`a iye. Orın sepliginin` –da` variantı almasıq so`zlerge siyrek jalg`ang`an.

Almasıq so`zlerdin` tartımlanıwında klassik shayırlar tilinde morfologiyalıq usıl o`nimli. Tu`rkiy tillerindegi tartım jalg`awları en` da`slep almasıq so`zler bolg`an ha`m olar jalg`awg`a aylanıwında bir neshe basqıshlardan o`tken.

Klassik shayırlar tilinde almasıqlarg`a tartım jalg`awı u`nleslik nızamına sa`ykes jalg`ang`an. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tilinen o`zgesheligi almasıqlardın` 3 bette tartımlanıwında ko`rinedi, yag`nıy –si jalg`awı tartım jalg`awlı so`zlerge de

jalg`ang`an: ba`risi ha`m t.b. Almasıqlardın` tartımlanıwında morfologiya-sintaksislik usıl o`nimli, al sintaksislik usıl o`nimsiz sıpatqa iye.

Tartım kategoriyasının` abstrakt forması ayırım betlik ha`m o`zlik almasıqlarına jalg`ang`an. 3 bette betlew almasıg`ının` «anın`» forması onıki ma`nisinde qollanılg`an.

Tu`rkiy tillerindegi betlik jalg`awlarının` kelip shıg`ıwı betlew almasıqları menen tıg`ız baylanıslı. Betlik jalg`awları da en` da`slep ma`nili so`z bolg`an, son` abstraktlasıp qosımtag`a aylang`an.

Ulıwma alg`anda, qaraqalpaq tilindegi almassıqlardın` sepleniwinde ha`m tartımlanıwında bir qansha o`zgesheliklerdi ko`riwge boladı. A`sirese, betlew almasıqlarındag`ı o`zgeshelik ayrıqsha ko`zge tusedi. Bizin`she, almasıqtın` bull tu`ri erte da`wirlerge barıp taqaladı degen pikirdi bildirmekshimiz.

Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. Dmitriev N.K. Ob ukazatel`nıx mestoimeniyax v bashkirskom yazıke. Avtoreverat diss. Trudı MIV, 33, 1947, 70-74-betler
2. Ashnin F.D. Ukazatel`nıe mestoimeniya i ix proizvodnıe v azerbayjanskom, turetskom i turkmenskom yazıkax. Avtoreferat diss. k.f.n. M., 1958.
3. Kononov A.N. O pronominalizatsii v turetskom yazıke. – Voprosı grammatiki i istorii vostochnıx yazıkov. M.,-L., 1958, 164-184-bet
4. Ibatov A. Qazaq tilindegi esimdikterdin` tarixınan. Almaıt, 1986
5. Borjakov A. Mestoimeniya sovremennom turkmenskom yazıke. Avtoreferat diss…k.f.n. Ashxabad, 1964
6. Suyarov I. Mestoimenie v sovremnnom uzbekskom literaturnom yazıke. Avtoreferat diss… k.f.n. Samarkand, 1965
7. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık. II. Fonetika i morfologiya, chast` 1, (chasti rechi i slovoobrazovaniya). M., 1952, 260-305-bet
8. Shalekenova M. Mestoimeniya v sovremennom karakalpakskom yazıke. Avtoreferat… diss.k.f.n., Alma-ata, 1970, 30-bet
9. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya, 1974, 91-96-betler
10. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya, 1981, 100-119-betler
11. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. So`z jasalıw ha`m morfologiya. 1994, 159-177-betler

12. Yusupov B. Mestoimeniya v starouzbekskom literaturnom yaxıke. Avtoreferat diss… k.f.n. Tashkent, 1988.
13. Sherbak A.M. Ocherki po sravnitel`noy morfologii. Imya. 34-bet
14. Tomanov M. Qazaq tilinin` tarixı garmmatikası. 150-154-betler
15. Abduraxmanov G`., Shukurov Sh. O’zbek tilining grammatikasi. 93-94-betler
16. Abdurahmanov G`., Shukurov Sh. O’zbek tilining tarixi grammatikasi. 94-bet
17. Nasırov D., Dospanov O., Bekbergenov A., Seytov D. Qaraqalpaq klassik shayırları shıg`armalarının` tili. 134-bet

## Paydalanılg`an a`debiyatlar


18. Abduraxmanov G`., Shukurov Sh. Wzbek tilining grammatikasi. 93-94-betler
19. Abdurahmanov G`., Shukurov Sh. Wzbek tilining tarixi grammatikasi. 94-bet
20. Ashnin F.D. Ukazatel`nıe mestoimeniya i ix proizvodnıe v azerbayjanskom, turetskom i turkmenskom yazıkax. Avtoreferat diss. k.f.n. M., 1958.
21. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık. II. Fonetika i morfologiya, chast` 1, (chasti rechi i slovoobrazovaniya). M., 1952, 260-305-be
22. Borjakov A. Mestoimeniya sovremennom turkmenskom yazıke. Avtoreferat diss…k.f.n. Ashxabad, 1964
23. Dmitriev N.K. Ob ukazatel`nıx mestoimeniyax v bashkirskom yazıke. Avtoreverat diss. Trudı MIV, 33, 1947, 70-74-betler
24. Ibatov A. Qazaq tilindegi esimdikterdin` tarixınan. Almatı, 1986
25. Kononov A.N. O pronominalizatsii v turetskom yazıke. – Voprosı grammatiki i istorii vostochnıx yazıkov. M.,-L., 1958, 164-184-bet
26. Qarlıbaeva G. Ajiniyoz asarlarining tili fonetik-morfologik tavsifi. Avtoreferat diss… k.f.n. Nukus, 2002
27. Qıdırbaev A. Qaraqalpaq til iliminin` geypara ma`seleleri. No`kis, 1988
28. Nasırov D., Dospanov O., Bekbergenov A., Seytov D. Qaraqalpaq klassik shayırları shıg`armalarının` tili. 134-bet
29. Suyarov I. Mestoimenie v sovremnnom uzbekskom literaturnom yazıke. Avtoreferat diss… k.f.n. Samarkand, 1965
30. Saytov D. Berdaq ha`m A`jiniyaz shıg`armaları so`zligi. No`kis, 1970.
31. Tomanov M. Qazaq tilinin` tarixı garmmatikası. 150-154-betler
32. Hamidov H. Qaraqalpaq tili tariyxının` ocherkleri. No`kis, 1974
33. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya, 1974, 91-96-betler

34. Ha`zirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya, 1981, 100-119-betler
35. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. So`z jasalıw ha`m morfologiya. 1994, 159-177-betler
36. Shalekenova M. Mestoimeniya v sovremennom karakalpakskom yazıke. Avtoreferat… diss.k.f.n., Alma-ata, 1970, 30-bet
37. Sherbak A.M. Ocherki po sravnitel`noy morfologii. Imya. 34-bet
38. Yusupov B. Mestoimeniya v starouzbekskom literaturnom yaxıke. Avtoreferat diss… k.f.n. Tashkent, 1988.